Өзбекстан Республикасы атынан

# Ҳ Ү К И М

2022-жыл 22-декабрь Нөкис қаласы

Жынаят ислери бойынша Нөкис қаласы суды төмендеги қурамда, басшылық етиўши суд баслығы Ш.Шамамбетов, судья жәрдемшиси Р.Джуманиязованың хаткерлигинде, тәреплерден - мәмлекетлик айыплаўшы Нөкис қаласы прокурорының жәрдемшиси Г.Ибрагимова, судланыўшы ХХХХ оның қорғаўшысы адвокат М.Бабаназаровтың қатнасында, Тынышлық макан пуқаралар жыйыны имаратында, көшпели суд мәжилисинде, дәслепки тергеў уйымы тәрепинен Өзбекстан Республикасы Жынаят Кодексиниң 168-статьясы 1-бөлими ҳәм 28,211-статьясы 1-бөлими менен айыпланған ХХХХтиң қарсысындағы ХХХХ-санлы жынаят исин қарады.

ХХХХ, 1975-жылы 01-июнь күни Нөкис қаласында туўылған, Өзбекстан Республикасы пуқарасы, миллети қарақалпақ, саўаты орта-арнаўлы, семьялы, 3 перзентли, депутат емес, сыйлық алмаған, “ХХХХ” ЖШЖде инструктор, алдын судланбаған, Нөкис қаласы ХХХХ көшеси 9а-жайда жасайды, бас шарасы гиреўде, айыплаў жуўмақ көширмесин нызамлы мүддетинде алған.

Суд-суд мәжлисинде, судланыўшының ҳәм гүўалардың көрсетпелерин, мәмлекетлик айыплаўшының ҳәм адвокаттың пикирлерин, судланыўшының қорғаў ҳәм ақырғы сөзлерин тыңлап, ис материаллары менен бирге салыстырып, тексерип шығып төмендегилерди

а н ы қ л а д ы:

Судланыўшы ХХХХ 2022-жыл 17-сентябрь күни саат 17:00лерде Нөкис қаласы Ж.Сейтова көшеси бойында өзиниң Матиз маркалы мәмлекетлик белгиси ХХХХ болған автомашинасында пуқара ХХХХтың исенимине кирип, өзиниң Қарақалпақстан Республикасы ИИМ ЖҲҚБда ислеўши таныслары арқалы 2.500.000 сўм есесине ХХХХқа айдаўшылық гүўалығын алып бериўди ўәде қылып, оны пара бериўге қызықтырып 2.500.000 сўм пулларын алдаўшылық жолы менен алған ўақтында ҳуқық қорғаў уйымы хызметкерлери тәрепинен усланған.

Солай етип, ХХХХ өзиниң жоқарыдағы ис ҳәрекетлери менен Өзбекстан Республикасы Жынаят Кодексиниң 25,168-статьясы 1-бөлими ҳәм 28,211-статьясы 1-бөлиминде көрсетилген жынаятларды ислеген.

Судланыўшы ХХХХтың айыбы төмендеги дәлийллердиң жыйындысы менен, яғный судта ХХХХтың «өзи авто мектепте инструктор болып ислейтуғынын, оқытқан оқыўшысы өзиниң жорасын экзаменнен өткизип бериң деп қоймағанын, соң ХХХХ пенен таныстырғанын, оған 2.500.000 сўм болады деп айтқанын, базарға алып кел дегенин, ол пулды алып тек өзиниң мәпине ислетип жиберип, соң қайтып бермекши болғанын, таныслары арқалы айдаўшылық гүўалығын алып бериў нийети жоқ болғанын, тек исенимине кириў ушын айтқанын, пулды алыўдан мақсети еки баласыда студент екенин, сол ушын пул керек болып қалғанын, ислеген исинен пушайман екенин,

кеширим сорайтуғынын, жеңил жаза тайынлаўды сорайтуғынлығы»-ҳаққындағы көрсетпеси менен;

Суд мәжлисинде тәреплердиң разылығы менен гүўалар XXXX, дәслепки тергеўде берген көрсетпелери оқып еситтирилди.

Буннанда басқа, XXXXтың айыбы истиң 5-бетиндеги XXXXтың арзасы, 6-8-бетлериндеги XXXX пенен XXXXлар араларында болып өткен сөйлесиўлер жазылған даўысларды алыў, көзден кешириў ҳәм еситип көриў ҳаққындағы баяннама, 21-31-бетлериндеги XXXXтың усланған ўақыя болған жерди көзден өткериў, айғақлы затты алыў баяннамасы ҳәм ис бойынша басқада топланған дәлийллер менен толық тастыйықланады.

Суд, дәслепки тергеў уйымы тәрепинен XXXXтың ис ҳәрекетлери Өзбекстан Республикасы Жынаят кодексиниң ЖК28,211-статьясы 1-бөлими менен дурыс квалификация етилген деп есаплайды, ал ЖК 168-статьясы 1-бөлими менен жәрияланған айыбын ЖК 25,168-статьясы 1-бөлимине қайта квалификация етиўди лазым табады.

Суд мәжлисинде анықланған жағдайларға қарағанда судланыўшы XXXX 2022-жыл 17-сентябрь күни саат 17:00лерде Нөкис қаласы Ж.Сейтова көшеси бойында өзиниң Матиз маркалы мәмлекетлик белгиси XXXX болған автомашинасында пуқара XXXXтың исенимине кирип, өзиниң Қарақалпақстан Республикасы ИИМ ЖҚҚБда ислеўши таныслары арқалы 2.500.000 сўм есесине XXXXқа айдаўшылық гүўалығын алып бериўди ўәде қылып, оларды пара бериўге қызықтырып 2.500.000 сўм пулларды алдаўшылық жолы менен алған ўақтында ҳуқық қорғаў уйымы хызметкерлери тәрепинен усланған, яғный 2.500.000 сўм пулларынды өз қәлеўинше пайдаланыў имканиятына ийе болмаған.

Сол себепли, XXXX ЖК 25,168-статьясы 1-бөлими ҳәм 28,211-статьясы 1-бөлими менен жуўапкершиликке тартылыўы тийис.

**Себеби, Өзбекстан Республикасы Олий судының 2017-жыл 11-октябрьдеги «Алдаўшылыққа байланыслы ислер бойынша суд әмелияты ҳаққында»ғы 35-санлы Қарарының 22-бәнти 2-ши хат басында "Егер шахс (атап айтқанда, лаўазым ўәкиллиги жоқлығы яки өз хызмет дәрежесинен (мавкеидан) пайдалана алмаслығы себепли белгили бир ҳәрекет (ҳәрекетсизлик)ти негизинде әмелге асыра алмайтуғын лаўазымлы шахс), (гуёки) лаўазымлы шахсқа пара сыпатында бериў ушын пул яки басқа қымбатлықларды алып, бирақ негизинде бундай нийети болмастан, оларды өзлестирсе, қылмыс алдаўшылық сыпатында квалификация етилиўи лазым.**

3-ши хат басында Егер қымбатлықларды ийелеў мақсетинде олардың ийеси айыпкер тәрепинен пара бериўге үнделген (далолат) болса, оның ҳәрекетлери алдаўшылықтан тысқары пара бериўге үндеген (далолат этиш) сыпатында қосымша квалификация етилиўи лазым. Кымбатлықлар ийесиниң ҳәрекетлери болса, бундай жағдайларда, пара бериўге қол қатыў сыпатында квалификация етилиўи керек",

7-бәнтинде «Мүлкти ийелеўге қаратылған алдаўшылық, мүлк айыпкер яки басқа шахслардың нызамсыз ийелигине өткен ҳәм олардан қәлеген тәризде пайдаланыў ушын реал имканиятқа ийе болған ўақыттан баслап тамамланған деп табылады деп көрсетилген.

Суд, судланыўшы XXXXқа жаза тайынлағанда оның шахсын, ислеген қылмысының жәмийетлик қәўиплилик дәрежесин, айыбын толық мойынлап, ислеген исинен шын кеўилден пушайман екенлигин айыбының жеңиллестириўши жағдайлары деп, ал жынаятты ғәрез нийетте ислегенлигин айыбының аўырластырыўшы жағдайлары деп табады.

Соның менен бир қатарда суд XXXXтың шахсын ҳәм ислеген жынаятының жәмийетлик қәўиплилик дәрежесин итибарға алып, ЖК 28,211-статьясы 1-бөлими санкциясы шеңберинде азатлықтан шеклеў жазасын, ЖК25,168-статьясы 1-бөлими санкциясы шеңберинде дүзетиў иси жазасын тайынлаўды, тайынланған жазаларды ЖК 59-статьясы тәртибинде жеңилирек жазаны аўырлаў менен каплаў арқалы, үзил-кесил жаза тайынлаўды лазым табады.

Соның менен бирге XXXX лаўазымлы шахс есапланбайтуғынлығын итибарға алып, оған ЖК 57-статьясына қоллаған ҳалда қосымша жаза шарасы сыпатында арнаўлы ҳуқықтан айырыў жазасын тайынлаў зәрүрлиги жоқ деп есаплайды.

Жоқарыда баян етилгенлерге тийкарланып ҳәм ЖПК 454-457, 460, 463, 465-468, 471-473,476-статьяларын басшылыққа алып, суд

ҳ ү к и м е т т и :

Судланыўшы XXXX Өзбекстан Республикасы Жынаят Кодексиниң 25,168-статьясы 1-бөлими ҳәм 28,211-статьясы 1-бөлими менен айыплы деп табылсын.

Судланыўшы XXXXке Өзбекстан Республикасы Жынаят Кодексиниң 25,168-статьясы 1-бөлими менен ҳәр ай сайын ис ҳақысынан 20 пайызы муғдарын мәмлекет дәрамады есабына услап қалған ҳалда 1 жыл мүддетке дүзетиў иси жазасы тайынлансын, ЖК28,211-статьясы 1-бөлими менен 2 жыл мүддетке азатлықтан шеклеў жазасы тайынлансын.

Тайынланған жазалар ЖК 59-статьясы 2-бөлими тәртибинде жеңилирек жазаны аўырлаўы менен қаплаў арқалы, үзил-кесил негизги өтейтуғын жазасы 2 жыл мүддетке азатлықтан шеклеў жазасы болып тайынлансын.

Судланыўшы XXXXтың азатлықтан шеклеў жазасын өтеў мәнзили Нөкис қаласы, XXXX көшеси 9а-жай етип белгиленсин.

Судланыўшы XXXX қадағалаўшы уйымның рухсатысыз жасаў орнын өзгертпеў; Қарақалпақстан Республикасы қаласы аймағынан шықпаў; ғалабалыў илажларда қатнаспаў; ҳәр күни кешки саат 22:00ден азаңғы саат 06:00 ге шекем жасаў жайынан сыртқа шықпаў шеклеўлери жүклетилсин.

Судланыўшы XXXXтың үстинен бақлаў алып барыў Нөкис қаласы ИИО ЖМБға жүклетилсин.

Жазаны өтеў мүддети усы жазаны қадағалаўшы уйым тәрепинен дизимге алынған күннен баслап есаплансын.

Бас шарасы бийкар етилсин, гиреўге қойылған 6.000.000 сўм пуллар қайтарып берилсин.

Ис бойынша айғақлы зат ретинде алынған 1 дана қәлем ҳәм порошок, 1 дана бинт, 1 дана пахта, 1 дана қолқап, 1 дана таза пахта, 2 дана оң ҳәм шеп

қолдан алынған сүртпе, 1 дана бардачоктан алынған сүртпелер тийисли тәртипте жоқ етилсин.

2 дана диск ис пенен қосып сақлансын, 40.000 сўм пуллар мәмлекет пайдасына өткерилсин.

Ҳүкимге наразы болған судланыўшы ҳүким көширмесин алған күннен баслап 20 сутка ишинде, ал ис бойынша басқа тәреплер ҳүким жәрия етилген күннен баслап сол мүддетте усы суд арқалы Қарақалпақстан Республикасы судына апелляциялық арза, прокурор протест келтириў ҳуқықы бар екенлиги түсиндирилсин.

Басшылық етиўши :- Ш.Шамамбетов